

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP), yon plan AmeriHealth Caritas Florida, Inc. ofri

Avi ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt pou 2026

Ou enskri antanke manm AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP).

Dokiman sa a dekri chanjman ki pral fèt nan pri yo ak nan benefis plan an pou lòt ane.

- **Ou genyen peryòd ki kòmanse 15 oktòb rive 7 desanm pou pote chanjman nan kouvèti asirans Medicare w la pou lòt ane.** Si w pa enskri nan yon lòt plan nan dat 7 desanm 2025 pou pi ta, w ap rete nan AmeriHealth Caritas VIP Care.
- Pou chwazi yon **lòt plan**, ale sou www.Medicare.gov oswa konsilte lis ki nan do ti liv Medicare & You 2026 ou a.
- Note dokiman sa a se yon rezime sou chanjman yo sèlman. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pri yo, sou benefis yo ak sou règ yo nan dokiman ki gen tit Prèv kouvèti asirans lan (Evidence of Coverage). Jwenn yon kopi sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn yon kopi pa lapòs.

Plis resous

- Dokiman sa a disponib gratis nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen.
- ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-833-535-3767 (TTY 711), de 8 a.m. a 8 p.m., los siete días de la semana. La llamada es gratuita.
- ATANSYON: Si w pale kreyòl, ou ka resevwa sèvis pou ede w nan lang pa w san w pa peye pou sa. Rele nan 1-833-535-3767 (TTY 711) lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1^{ye} avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1^{ye} oktòb ak 31 mas. Apèl la gratis.
- Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-855-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-855-358-711) pou jwenn plis enfòmasyon. Orè a ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt, oswa ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi. Apèl sa a gratis.
- Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo si w bezwen dokiman sa a nan yon lòt fòm, tankou gwo karaktè, ekriti bray oswa fòm a odyo.

Kèk enfòmasyon sou AmeriHealth Caritas VIP Care

- AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouvle sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care. Epi tou, plan nou an gen yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la pou kowòdone benefis Medicaid ou yo.
- Lè dokiman sa a mansyone “nou,” sa vle di AmeriHealth Caritas Florida, Inc. Lè li mansyone “plan” oswa “plan nou an,” sa vle di AmeriHealth Caritas VIP Care.
- **Si w pa fè anyen nan dat 7 desanm 2025 pou pi ta, w ap enskri otomatikman nan AmeriHealth Caritas VIP Care.** Apati 1^{ye} janvyè 2026, w ap jwenn kouvèti asirans ou a atravè AmeriHealth Caritas VIP Care, ni pou swen medikal ou yo, ni pou medikaman w yo. Ale nan seksyon 2 pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou kapab chanje plan ak sou dat limit ou dwe respekte yo si w vle fè chanjman.

H6378_001_125681_C_HCR

Lis sijè yo

Rezime sou pri ki enpòtan yo pou 2026	4
SEKSYON 1 Chanjman nan benefis yo ak nan pri yo pou lòt ane	7
Seksyon 1.1 Chanjman nan prim ou peye chak mwa a	7
Seksyon 1.2 Chanjman nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a	7
Seksyon 1.3 Chanjman nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a	8
Seksyon 1.4 Chanjman nan rezo famasi a	8
Seksyon 1.5 Chanjman nan benefis yo ak nan pri yo pou sèvis medikal yo	9
Seksyon 1.6 Chanjman nan kouvèti asirans Pati D pou medikaman sou preskripsyon yo	19
Seksyon 1.7 Chanjman nan benefis ak nan pri medikaman sou preskripsyon yo	20
SEKSYON 2 Fason ou kapab chanje plan	24
Seksyon 2.1 Dat limit pou chanje plan	25
Seksyon 2.2 Èske gen lòt lè mwen ka fè chanjman pandan ane a?	25
SEKSYON 3 Jwenn èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo	26
SEKSYON 4 Kesyon?	27
Jwenn èd nan men AmeriHealth Caritas VIP Care	27
Jwenn konsèy gratis sou Medicare	28
Jwenn èd siplemantè nan men Medicare	28
Jwenn èd siplemantè nan men Medicaid	29

Rezime sou pri ki enpòtan yo pou 2026

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
<p>Prim ou peye chak mwa pou plan an*</p> <p>* Prim ou an gendwa pi wo pase montan sa a. Ale nan seksyon 1.1 pou jwenn kèk detay.</p>	\$0	\$0
<p>Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a</p> <p>Se <u>maksimòm</u> w ap peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo. (Ale nan seksyon 1.2 pou jwenn detay.)</p>	<p>\$9,350</p> <p>Ou pa gen pou peye okenn bagay ak lajan ki soti nan pòch ou a pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak Pati ki kouvri yo.</p>	<p>\$9,250</p> <p>Ou pa gen pou peye okenn bagay ak lajan ki soti nan pòch ou a pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak Pati ki kouvri yo.</p>
<p>Vizit kay pwofesyonèl swen prensipal la</p>	\$0 pou chak vizit	\$0 pou chak vizit
<p>Vizit kay espesyalis</p>	\$0 pou chak vizit	\$0 pou chak vizit
<p>Sejou lopital</p> <p>Sa gen ladan l swen egi pou pasyan ki entène, sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki entène, sèvis swen alontèm nan lopital ak lòt kalite sèvis lopital pandan pasyan an entène. Swen lopital pandan pasyan an entène</p>	Ko-peman \$0	Ko-peman \$0

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
<p>yo kòmanse nan jou yo entène w lopital la anba yon òdonans doktè. Jou ki anvan jou yo ba w egzeyat la se dènye jou ou antanke pasyan ki entène.</p>		
<p>Franchiz nan kouvèti asirans pou medikaman Pati D (Ale nan seksyon 1.6 pou jwenn detay.)</p>	<p>Franchiz: \$590, sof pou ensilin yo ba w atravè yon ekipman medikal dirab.</p>	<p>Franchiz: \$615, sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou adilt yo.</p>
<p>Kouvèti asirans pou medikaman Pati D (Ale nan seksyon 1.6 pou jwenn detay, pa egzanp sou franchiz pou ane a, etap kouvèti inisyal la ak etap kouvèti katastwofik la.)</p>	<p>Ko-peman pandan etap kouvèti inisyal la: Ou peye \$0 pou chak medikaman sou preskripsyon.</p> <p>Kouvèti katastwofik: Pandan etap peman sa a, plan an peye tout sa medikaman Pati D ki kouvri w yo koute. Ou pa peye anyen.</p>	<p>Medikaman nivo 1 – Medikaman jenerik ki prefere: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Medikaman nivo 2 – Medikaman jenerik: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou adilt yo.</p> <p>Ou pa peye plis pase \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Medikaman nivo 3 – Medikaman mak ki prefere: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou adilt yo.</p>

	<p>2025 (ane sa a)</p>	<p>2026 (lòt ane)</p>
		<p>Ou pa peye plis pase \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Medikaman nivo 4 – Medikaman ki pa prefere: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Sof pou pwodui ensilin ki kouvri yo ak pifò vaksen Pati D pou adilt yo.</p> <p>Ou pa peye plis pase \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Medikaman nivo 5 – Medikaman espesyalize: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Medikaman nivo 6 – Kèk kalite medikaman: Ou peye \$0 nan pri total la.</p>

SEKSYON 1 Chanjman nan benefis yo ak nan pri yo pou lòt ane

Seksyon 1.1 Chanjman nan prim ou peye chak mwa a

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
Prim ou peye chak mwa pou plan an (Se pou ou kontinye peye prim Medicare Pati B w yo, sof si Medicaid peye yo pou ou.)	\$0	\$0

Seksyon 1.2 Chanjman nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a

Medicare egzije pou tout plan sante yo limite kantite kòb ou peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou ane a. Limit sa a rele maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a. An jeneral, kou ou fin peye montan sa a, ou pa peye anyen pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo pou rès ane sivil la.

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a Etandone manm nou yo jwenn èd nan men Medicaid tou, prèske pa gen manm ki janm rive peye montan maksimòm ki ka soti nan pòch yo. Ou pa gen pou fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch ou a pou rive nan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo. Sa ou peye pou sèvis medikal ki kouvri yo (tankou ko-peman yo)	\$9,350	\$9,250 Kou ou peye \$9,250 ak lajan ki soti nan pòch ou a pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri, ou pa p peye anyen pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo pou rès ane sivil la.

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a. Sa ou peye pou medikaman sou preskripsyon yo pa konte pou rive nan montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a.		

Seksyon 1.3 Chanjman nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a

Rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an chanje pou lòt ane. Egzamine *lis pwofesyonèl ak etablisman sante* 2026 la sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl pou verifye si pwofesyonèl ak etablisman sante w yo (pwofesyonèl sante prensipal, espesyalis, lopital, elatriye) fè pati rezon nou an. Men ki fason ou kapab jwenn yon *lis pwofesyonèl ak etablisman sante* ki ajou:

- Ale sou sitwèb nou an sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl. Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou pwofesyonèl ak etablisman sante yo oswa pou mande nou voye yon *lis pwofesyonèl ak etablisman sante* ba w pa lapòs.

Nou gendwa pote chanjman nan lopital, doktè ak espesyalis (sètadi nan pwofesyonèl ak etablisman sante yo) ki fè pati plan nou an pandan ane a. Si nou pote yon chanjman nan pwofesyonèl ak etablisman sante nou yo ki afekte w nan mitan ane a, rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn èd. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen yo lè yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a kite plan nou an, ale nan chapit 3, seksyon 2.3 nan dokiman *Prèv kouvèti asirans* ou an (*Evidence of Coverage*).

Seksyon 1.4 Chanjman nan rezo famasi a

Sa ou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo ka depann de famasi ou itilize a. Plan medikaman Medicare yo gen rezo famasi. Nan pifò ka yo, plan an kouvri medikaman sou preskripsyon w yo sèlman si w al chèche yo nan youn nan famasi ki fè pati rezo nou an.

Rezo famasi nou an chanje pou lòt ane. Egzamine *lis famasi 2026* la sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl pou verifye ki famasi ki fè pati rezo nou an. Men ki fason ou kapab jwenn yon *lis famasi* ki ajou:

- Ale sou sitwèb nou an sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl.
- Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou famasi yo oswa pou mande nou voye yon *lis famasi* ba w pa lapòs.

Nou gendwa pote chanjman nan famasi ki fè pati plan nou an pandan ane a. Si nou pote yon chanjman nan famasi nou yo ki afekte w nan mitan ane a, rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn èd.

Seksyon 1.5 Chanjman nan benefis yo ak nan pri yo pou sèvis medikal yo

Avi ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt yo esplike w ki sa ki chanje nan benefis ak nan pri Medicare w yo.

2025
(ane sa a)

2026
(lòt ane)

Sèvis dantè

Ou gen yon ko-peman \$0.

Prevansyon:

Benefis dantè prevantif yo gen sèvis sa yo ladan yo:

- Egzamen bouch – 1 chak 6 mwa
- Netwayaj – 1 chak 6 mwa
- Tretman fliyorid – 1 chak 6 mwa
- Radyografi dantè – 4 chak ane
 - 6 kòd radyografik chak ane pou chak manm.
 - Seri radyografik pou tout bouch la - youn chak 5 ane pou chak manm.
 - Radyografi panoramik - youn chak 5 ane pou chak manm.
 - Radyografi sefalometrik - youn chak 5 ane pou chak manm (sa pa fè pati 4 radyografi chak ane oswa 6 kòd chak ane).

Konplè:

Benefis dantè konplè yo gen sèvis sa yo ladan yo:

- Ti restorasyon (plonbaj)
- Ekstraksyon senp
- Ratelye (1 pou chak akad chak 5 an)*
- Reparasyon ratelye ak rebazaj*

Ou gen yon ko-peman \$0.

Prevansyon:

Benefis dantè prevantif yo gen sèvis sa yo ladan yo:

- Egzamen bouch – 1 chak 6 mwa
- Netwayaj – 1 chak 6 mwa
- Tretman fliyorid – 1 chak 6 mwa
- Radyografi dantè – 4 chak ane
 - 1 radyografi pou tout bouch la ak 1 radyografi panoramik chak 5 ane
 - 6 radyografi entèpwoksimal oswa peri-apikal chak ane.

Konplè:

Ou genyen yon limit konbine ki nan \$2,500 chak ane. Gen limitasyon ki aplike nan sèvis yo. Benefis dantè konplè yo gen sèvis sa yo ladan yo:

- Sèvis restoratif:
 - Ti restorasyon (plonbaj)
 - Yon otorizasyon alavans nesèsè
- Andodonti
 - 1 pou chak dan pou tout lavi a.
 - Yon radyografi nesèsè anvan ak apre operasyon an.
 - Yon otorizasyon alavans nesèsè.
- Pawodonti
 - Detatraj ak kiraj seman radikilè a – 1

- Ekstraksyon chirijikal (limite nan 1 pou chak dan pou tout lavi a)
- Chiriji nan bouch*
- Pawodonti (1 chak 24 mwa nan chak kadran. Debridman* yon fwa chak ane)
- Andodonti (1 pou chak dan pou tout lavi a. Yon radyografi nesèsè ni anvan ni apre operasyon an)*
- Kouwòn (1 chak 5 ane, pou chak dan. Pa dwe gen plis pase 4 nan chak ane sivil ni pa dwe gen plis pase 2 kouwòn nan chak akad) *
- Mini-enplan (nan akad ki anba a sèlman) ak ratelye ki chita sou enplan (nan akad ki anba a sèlman)*

*Yon otorizasyon alavans nesèsè.

*Ka gen limitasyon ki aplike nan sèvis konplè yo.

Pon fiks yo ak tout lòt enplan dantè yo, sof mini-enplan yo, pa kouvri.

N ap peye pou sèvis dantè ki kouvri yo sèlman si w jwenn yo nan men yon dantis ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, nou pa p kouvri okenn swen ou resevwa nan men yon pwofesyonèl sante ki deyò rezo a.

- o pou chak 24 mwa pou chak kadran
- o Debridman – yon fwa chak ane.
- o Detatraj lè gen yon enflamasyon jenjival yon fwa chak ane.
- o Yon otorizasyon alavans nesèsè.
- Pwostodonti, pwotèz ki ka retire
 - o Ratelye – 1 pou chak akad chak 5 ane.
 - o Reparasyon ratelye ak rebazaj – 1 chak ane.
 - o Yon otorizasyon alavans nesèsè.
- Pwotèz maksilofasyal
 - o 1 pou chak akad chak 5 ane
 - o Yon otorizasyon alavans nesèsè.
- Sèvis enplan
 - o Mini-enplan (nan akad ki anba a sèlman) ak ratelye ki chita sou enplan (nan akad ki anba a sèlman) – 1 chak 5 ane.
 - o Pon fiks yo ak tout lòt enplan dantè yo, sof mini-enplan yo, pa kouvri.
 - o Yon otorizasyon alavans nesèsè.
- Chiriji bikal ak maksilofasyal:
 - o Kouwòn – 1 chak 5 ane, pou chak dan. Pa dwe gen plis pase 4 nan chak ane sivil ni pa dwe gen plis pase 2

		<p>kouwòn nan chak akad chak ane.</p> <ul style="list-style-type: none"> ○ Ekstraksyon – 1 pou chak dan pou tout lavi a. ○ Lòt chiriji bikal, gen limitasyon ki aplike. ○ Yon otorizasyon alavans nesèsè.
<p>Atik pou moun ki gen dyabèt (Pati B)</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Yon otorizasyon nesèsè pou mak ki pa prefere yo.</p> <p>Mak prefere yo gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Mak ki pa prefere yo gen yon ko-asirans 20%.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Mak ki pa prefere yo ak tout monitè glikoz kontini yo mande yon otorizasyon alavans epi yo gen yon ko-asirans 20% (jiskaske benefisyè a rive nan limit li ka depanse ak lajan ki soti nan pòch li a).</p> <p>Mak prefere yo gen yon ko-peman \$0.</p>
<p>Ekipman medikal dirab (DME)</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Yon otorizasyon alavans nesèsè pou pwotèz ak founiti medikal Medicare kouvri yo, kit yo lwe, kit yo achte.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Yon otorizasyon alavans nesèsè pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ekipman medikal dirab Medicare kouvri ki koute plis pase \$750. ● Atik pou lwe ak atik ou ka lwe pou achte. ● Acha chèz woulant (ni sa ki elektrik ni sa ki mànyèl) ak tout akseswa pou chèz woulant yo (konpozan), kèlkeswa sa chak atik koute. ● Sipleman nitrisyonèl anteral.

Pwouvi yo vann san preksipsyon

Ou gen yon ko-peman \$0.
 Benefis la gen ladan l \$225 chak mwa pou achte pwouvi yo vann san preksipsyon ki nan katalòg pwouvi san preskripsyon an, pou achte pwouvi ki nan pòtay pou pase kòmann sou Entènèt lan oswa pou achte pwouvi ki kalifye nan etablisman ki vann pwouvi bay konsomatè ki patisipe yo pa mwayen yon kat debi ki gen limit sou li.

Pa gen limit sou kantite pwouvi manm nan ka achte ni sou kantite kòmann manm nan ka pase.

Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.

Plan an kouvri Naloxone tou.

Ou gen yon ko-peman \$0.
 Benefis yo gen ladan yo \$80 chak mwa pou depanse pou atik yo vann san preskripsyon ki kalifye tankou vitamin, medikaman pou doulè, remèd pou rim, terapi ranplasman nikotin ak plis bagay ankò.

- Kòb la chaje chak mwa sou yon kat debi plan an bay.
- Ou kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwouvi bay konsomatè ki patisipe yo.
- Pa gen limit sou kantite atik oswa kòmann yo.
- Nenpòt kòb ki pa t itilize ap ekspire nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.
- Terapi ranplasman nikotin (NRT) ki ofri a pa gen menm fonksyon ak yon medikaman Pati D, ki yo vann li san preskripsyon, kit li sou fòmilè a.

Sèvis odisyon

Ou gen yon ko-peman \$0.

Benefis vizyon yo gen ladan yo:

- 1 egzamen odisyon woutin chak ane.
- 1 sesyon ajisteman pou yon aparèy pou tande (1 nan chak zòrèy) chak ane.
- Jiska \$2,000 pou peye pou yon aparèy pou tande ki pa enplantab nan katalòg TruHearing Choice ki aplikab la chak 3 ane (limit la se 1 aparèy pou tande pou chak zòrèy).

Ou dwe konsilte yon pwofesyonèl TruHearing pou itilize benefis sa a.

Benefis pou achte yon aparèy pou tande a gen ladan l:

- Premye ane a pou vizit suivi kay pwofesyonèl sante a
- Yon peryòd esè 60 jou
- Yon garanti pwolonje pandan 3 ane
- 80 pil pou chak aparèy pou tande pou modèl ki pa ka rechaje yo

Benefis la pa gen ladan l oswa pa kouvri sa ki vin annapre yo:

- Aparèy pou tande yo vann san preskripsyon
- Moul pou zòrèy
- Akseswa pou aparèy pou tande

Ou gen yon ko-peman \$0.

Benefis odisyon an gen ladan l:

- 1 egzamen odisyon woutin chak ane.
- 12 mwa suivi pou ajisteman/evakyasyon pou aparèy pou tande a. Jiska \$2,000 pou achte de aparèy pou tande avanse ki pa enplantab e ki gen mak TruHearing chak 1 ane (limit la se 1 aparèy pou tande pou chak zòrèy). Apre benefis plan an peye pou li a, se ou k ap peye kòb ki rete a.*

Ou dwe konsilte yon pwofesyonèl TruHearing pou itilize benefis sa a.

Benefis pou achte yon aparèy pou tande a gen ladan l:

- 12 premye mwa yo pou vizit suivi kay pwofesyonèl sante a
- Yon peryòd esè 60 jou
- Yon garanti pwolonje pandan 3 ane
- 80 pil pou chak aparèy pou tande pou modèl ki pa ka rechaje yo

Benefis la pa gen ladan l oswa pa kouvri sa ki vin annapre yo:

- Aparèy pou tande yo vann san preskripsyon
- Moul pou zòrèy
- Akseswa pou aparèy pou tande

- Plis vizit kay pwofesyonèl sante a
- Plis pil lè se yon aparèy pou tande ki ka rechaje ki achte
- Aparèy pou tande ki pa gen mak TruHearing
- Depans ki fèt pou reklamasyon garanti pou pèt ak domaj yo
- Se manm nan ki pou peye pou depans ki fèt pou atik ki pa fè pati benefis la paske plan an pa kouvri yo

Aprè benefis plan an peye pou li a, se ou k ap peye kòb ki rete a.*

- Plis vizit kay pwofesyonèl sante a
- Plis pil lè se yon aparèy pou tande ki ka rechaje ki achte
- Aparèy pou tande ki pa aparèy avanse ki gen mak TruHearing
- Depans ki fèt pou reklamasyon garanti pou pèt ak domaj yo
- Se manm nan ki pou peye pou depans ki fèt pou atik ki pa fè pati benefis la paske plan an pa kouvri yo.

* Kòb ki rete a se nenpòt montan anplis alokasyon ou jwenn nan

Sèvis ki pa janm kouvri nan okenn kondisyon:

- Aparèy pou tande ak vizit kay pwofesyonèl sante pou repara aparèy pou tande a (sof selon sa ki dekri nan benefis ki kouvri yo)
- Aparèy pou tande yo vann san preskripsyon
- Moul pou zòrèy, akseswa pou aparèy pou tande, depans ki fèt pou reklamasyon garanti
- Pil pou aparèy pou tande yo (anplis 80 pil gratis pou chak aparèy pou tande ki pa ka rechaje ki achte)

Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (SSBCI)

Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (SSBCI) pa kouvri

Ou gen yon ko-peman \$0 pou benefis SSBCI yo.

Manm ki kalifye pou SSBCI yo ap resevwa yon kredi \$105 chak mwa sou yon kat debi plan an bay pou ede yo peye pou depans yo fè nan lavi chak jou a. Ou kapab sèvi ak kredi sa a pou:

- Manje ki bon pou sante w
- Sipò jeneral pou lavi w (p. eg. pou lwaye kay la, ipotèk kay la, bòdwo kouran, dlo ak gaz)

Pou kalifye pou SSBCI, manm nan dwe genyen omwen 1 nan pwoblèm sante kwonik ki vin annapre yo:

- Pwoblèm kadyovaskilè
- Pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape moun nan
- Maladi gastwo-entestinal ki kwonik (sa limite nan maladi fwa nan faz tèminal)
- Pwoblèm poumon ki kwonik (sa limite nan bwonkonemopati obstriktif kwonik)
- Ensifizans kadyak konjestif
- Maladi tisi konjonktif
- Demans
- Dyabèt melitis
- Sitiyayson kote moun nan twò gwo, obezite ak sendwòm metabolik
- Stwok

		<p>Epitou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwoblèm sante a dwe menase lavi moun nan oswa li dwe limite sante jeneral li oswa fonksyon li anpil • Ou dwe fè fas ak yon gwo risk pou entènè lopital oswa pou sibi lòt konsekans ki negatif sou sante w • Ou dwe bezwen sèvis kowòdinasyon swen entansif <p>Plan an pral egzamine kritè objektif yo pou detèmine si w kalifye.</p> <p>Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou verifye si li kalifye, manm nan ta dwe kontakte plan an.</p>
<p>Sèvis transpò</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Trajè san limit chak ane pou ale nan etablisman plan an apwouve.</p> <p>Se pou ou mande transpò a omwen 1 jou biznis alavans, sof nan sikonstans espesyal.</p> <p>Yon otorizasyon alavans nesèsè pou nenpòt trajè ale sèlman ki depase 50 mil. Gen lòt règ ki aplike pou otorizasyon alavans yo ak rezèvasyon yo.</p>	<p>Ou gen yon ko-peman \$0.</p> <p>Trajè ale sèlman san limit chak ane pou ale nan etablisman plan an apwouve.</p> <p>Se pou ou mande transpò a omwen 1 jou biznis alavans, sof nan sikonstans espesyal.</p> <p>Transpò a otorize pou ale nan etablisman plan an apwouve sèlman (p. eg. kabinè doktè a, famasi ak lopital).</p>

Benefis nan modèl asirans selon valè a (Value-Based Insurance Design, VBID)

Ou gen yon ko-peman \$0 pou benefis VBID yo.

Manm ki kalifye akòz sitiyasyon sosyo-ekonomik yo (LIS) kapab itilize \$220 sou kòb yo jwenn chak mwa a pou achte pwodui alimantè ki kalifye nan etablisman ki vann pwodui bay konsomatè yo ki patisipe ak/oswa pou kòmande pwodui pa korespondans (gen limit ki ka aplike sou pwodui yo), pou peye pou lwaye kay, pou sèvis kouran, dlo ak gaz, pou transpò, pou peye pou sèvis Entènèt, pou peye pou sèvis pou elimine bèt nuizib yo e pou achte pwodui yo bezwen pou ti bèt ki nan kay la, depi depans sa yo kalifye. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire otomatikman nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an.

Benefis nan modèl asirans selon valè a (Value-Based Insurance Design, VBID) pa kouvri.

Seksyon 1.6 Chanjman nan kouvèti asirans Pati D pou medikaman sou preskripsyon yo

Chanjman nan lis medikaman nou an

Lis medikaman nou kouvri yo se fòmilè a oswa lis medikaman an. Ou ka jwenn yon kopi lis medikaman nou an sou fòm elektwonik.

Nou te pote kèk chanjman nan lis medikaman nou an kote nou te retire oswa ajoute medikaman, nou te chanje restriksyon ki aplike pou kèk medikaman oswa nou te deplase medikaman nan lòt nivo depans pataje. **Egzamine lis medikaman an pou verifye si medikaman ou konn pran yo ap kouvri lòt ane e pou gade si y ap anba restriksyon, oubyen pou konnen si nou deplase medikaman ou konn pran yo nan yon lòt nivo depans pataje.**

Pifò nan chanjman ki fèt nan lis medikaman an se nouvo chanjman ki antre anvigè nan kòmansman chak ane. Sepandan, nou gendwa pote lòt chanjman règ Medicare yo pèmèt nou pote k ap afekte w pandan ane plan an. N ap mete lis medikaman ki sou Entènèt nou an ajou omwen yon fwa chak mwa pou w ka jwenn enfòmasyon ki ajou nan lis medikaman sa a. Si nou fè yon chanjman ki afekte posiblite ou genyen pou jwenn yon medikaman ou konn pran, n ap voye yon avi ba w pou esplike w chanjman an.

Si yo chanjman nan medikaman yo afekte w nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, konsilte chapit 9 nan dokiman *Prèy kouvèti asirans* ou an (*Evidence of Coverage*) epi mande moun ki konn preskri w medikaman an si gen lòt opsyon, pa egzanp si w ka mande yon kantite medikaman k ap dire yon ti tan, si w ka mande yon eksepsyon ak/oswa si w ka jwenn yon lòt medikaman. Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-855-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn plis enfòmasyon.

Apati 2026, nou gendwa retire tousuit kèk medikaman mak oswa kèk pwodui byolojik orijinal sou lis medikaman nou an si nou ranplase yo avèk nouvo medikaman jenerik oswa avèk kèk vèsyon byosimilè pou medikaman mak sa yo oswa pou pwodui byolojik orijinal sa yo ki nan menm nivo depans pataje a oswa nan yon nivo ki pi ba, epi ki gen menm restriksyon oswa mwens restriksyon. Epitou, lè nou ajoute yon nouvo vèsyon, nou gendwa decide kenbe medikaman mak la oswa pwodui byolojik orijinal la sou lis medikaman nou an, men nou gendwa mete l tousuit nan yon lòt nivo depans pataje oswa nou gendwa ajoute tousuit kèk restriksyon, oswa nou gendwa fè toude aksyon sa yo.

Pa egzanp, si w konn pran yon medikaman mak oswa yon pwodui byolojik ki pral ranplase avèk yon medikaman jenerik oswa avèk yon vèsyon byosimilè, ou ka pa jwenn okenn avi sou chanjman sa a 30 jou alavans oswa anvan ou jwenn yon kantite medikaman mak la oswa yon kantite pwodui byolojik la ki dire yon mwa. Ou gendwa jwenn enfòmasyon sou chanjman ki fèt la apre nou pote chanjman an.

Ka gen kèk nan kalite medikaman sa yo ou poko konnen. Pou jwenn definisyon pou diferan kalite medikaman yo, konsilte chapit 12 nan dokiman *Prèkouvèti asirans* ou an (*Evidence of Coverage*). Epiou, Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) bay enfòmasyon pou konsomatè yo sou medikaman yo. Ale sou sitwèb FDA a: www.FDA.gov/drugs/biosimilars/multimedia-education-materials-biosimilars#For%20Patients. Epiou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) oswa ou kapab mande pwofesyonèl sante w la, moun ki konn preskri w medikaman an oswa famasyon w lan plis enfòmasyon.

Seksyon 1.7 Chanjman nan benefis ak nan pri medikaman sou preskripsyon yo

Èske ou jwenn èd siplemantè a pou peye pou kouvèti asirans pou medikaman w lan?

Si w enskri nan yon pwogram ki ede w peye pou medikaman w yo (èd siplemantè a, oswa Extra Help), **enfòmasyon sou pri yo pou medikaman Pati D yo gendwa pa aplike pou ou.** Nou te voye yon lòt dokiman ba w pou esplike w sa medikaman w yo koute. Dokiman sa a rele Anèks pou prèkouvèti asirans lan pou moun ki jwenn èd siplemantè a pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Si w jwenn èd siplemantè a epi ou pa resevwa dokiman sa a nan dat 1^{ve} oktòb 2025 pou pi ta, rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) epi mande anèks LIS la.

Etap peman pou medikaman yo

Genyen 3 **etap peman pou medikaman yo**: etap franchiz pou ane a, etap kouvèti inisyalyal la ak etap kouvèti katastwofik la. Etap kote plan an sispann peye a ak pwogram rabè pou etap kote plan an sispann peye a pa egziste ankò nan benefis Pati D a.

- **Etap 1: Franchiz pou ane a**

Ou kòmanse nan eta peman sa a nan chak ane sivil. Pandan etap sa a, ou peye pou tout sa medikaman ki nan nivo 1-5 ou yo koute jiskaske ou rive nan franchiz ou pou ane a.

- **Etap 2: Kouvèti inisyalyal**

Kou ou fin peye franchiz pou ane a, ou antre nan etap kouvèti inisyalyal la. Pandan etap sa a, plan nou an peye pati pa l la sou sa medikaman w yo koute epi ou peye pati pa w la sou sa yo koute. An jeneral, ou rete nan etap sa a jiskaske total medikaman w yo koute pou ane a rive nan \$2,100.

- **Etap 3: Kouvèti katastwofik**

Se twazyèm ak dènye etap peman pou medikaman yo. Pandan etap sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri w yo. An jeneral, ou rete nan etap sa a pou rès ane sivil la.

Pwogram rabè fabrikan an ranplase pwogram rabè pou etap kote plan an sispann peye a. Anba pwogram rabè fabrikan an, fabrikan medikaman yo peye yon pati nan sa plan nou an peye pou medikaman mak ak pwodui byolojik Pati D ki kouvri yo pandan etap kouvèti inisyal la ak etap kouvèti katastwofik la. Rabè fabrikan yo peye anba pwogram rabè fabrikan an pa konte pou kalkile depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a.

Tablo sa a montre sa chak medikaman sou preskripsyon ap koute w pandan etap sa a.

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
Franchiz pou ane a	Franchiz \$590	Franchiz \$615

Sa medikaman yo koute nan etap 2: Kouvèti inisyal

Pou medikaman ki nan nivo 1 rive nivo 5 yo, depans pataje w la nan etap kouvèti inisyal la ap yon ko-asirans olye se yon ko-peman. Gade tablo ki vin annapre a pou wè chanjman yo ant 2025 ak 2026.

Tablo a montre w sa yon medikaman sou preskripsyon ap koute w pou yon kantite k ap dire yon mwa nan yon famasi ki nan rezo a avèk yon depans pataje estanda.

Pifò vaksen Pati D pou adilt yo kouvri san sa pa koute w anyen. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa vaksen yo koute oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou sa yon kantite medikaman ki dire anpil tan koute oswa sou sa yon medikaman sou preskripsyon ou kòmande pa korespondans koute, ale nan chapit 6 nan dokiman *Prèw kouvèti asirans* ou an (*Evidence of Coverage*).

Lè ou rive peye \$2,100 ak lajan ki soti nan pòch ou a pou medikaman Pati D ki kouvri w yo, w ap pase nan pwochen etap la (etap kote kouvèti katastwofik la).

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
Nivo 1 - Medikaman prefere:	Ou gen yon ko-peman \$0.	<p>Depans pataje estanda: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Sa yon medikaman sou preskripsyon pa korespondans koute w pou yon kantite k ap dire 61 rive 100 jou se 25% ko-asirans.</p>
Nivo 2 - Medikaman jenerik	Ou gen yon ko-peman \$0.	<p>Depans pataje estanda: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Ou pa peye plis pase \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Sa yon medikaman sou preskripsyon pa korespondans koute w pou yon kantite k ap dire 61 rive 100 jou se 25% ko-asirans.</p>
Nivo 3 - Medikaman mak prefere	Ou gen yon ko-peman \$0.	<p>Depans pataje estanda: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Ou pa peye plis pase \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak</p>

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
		<p>pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Sa yon medikaman sou preskripsyon pa korespondans koute w pou yon kantite k ap dire 61 rive 100 jou se 25% ko-asirans.</p>
Nivo 4 - Medikaman ki pa prefere	Ou gen yon ko-peman \$0.	<p>Depans pataje estanda: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Ou peye \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Ou pa peye plis pase \$35 pou chak kantite k ap dire yon mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.</p> <p>Sa yon medikaman sou preskripsyon pa korespondans koute w pou yon kantite k ap dire 61 rive 100 jou se 25% ko-asirans.</p>
Nivo 5 - Medikaman espesyalize	Ou gen yon ko-peman \$0.	<p>Depans pataje estanda: Ou peye 25% nan pri total la.</p> <p>Sa yon medikaman sou preskripsyon pa</p>

	2025 (ane sa a)	2026 (lòt ane)
		korespondans koute w pou yon kantite k ap dire 61 rive 100 jou se 25% ko-asirans.
Nivo 6 - Kèk kalite medikaman	Ou gen yon ko-peman \$0.	Ou peye \$0 nan pri total la.

Nou te chanje nivo a pou kèk medikaman ki nan lis medikaman nou an. Konsilte lis medikaman an pou konnen si medikaman w yo pral nan yon diferan nivo.

Chanjman nan benefis Pati D VBID w la

Apati 2026, CMS kanpe modèl asirans selon valè a (Value-Based Insurance Design, VBID) pou tout plan Medicare Advantage yo. Nou te itilize VBID a pou redui depans pataje a pou manm nou yo ki resevwa èd siplemantè a nan \$0 pou medikaman yo an 2025. Apati 2026, selon nivo èd siplemantè manm yo resevwa a, yo ka gen pou yo peye yon ko-peman/ko-asirans pou medikaman yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ou gen pou peye pandan etap kouvèti katastwofik la, konsilte chapit 6, seksyon 6, nan dokiman *Prèkouvèti asirans ou an (Evidence of Coverage)*.

SEKSYON 2 Fason ou kapab chanje plan

Si w vle rete nan plan AmeriHealth Caritas VIP Care a, ou pa bezwen fè anyen. Si w pa enskri nan yon lòt plan oswa nan Original Medicare nan dat 7 desanm pou pi ta, w ap enskri otomatikman nan plan AmeriHealth Caritas VIP Care nou an.

Si w vle chanje plan pou 2026, fè sa ki vin annapre a:

- **Pou chwazi yon lòt plan sante Medicare,** enskri nan nouvo plan an. W ap dezenskri otomatikman nan AmeriHealth Caritas VIP Care.
- **Pou chwazi Original Medicare avèk yon plan medikaman,** enskri nan nouvo plan medikaman Medicare a. W ap dezenskri otomatikman nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

- **Pou chwazi Original san plan medikaman**, ou kapab voye yon demann ban nou alekri pou dezenskri, ou kapab ale sou sitwèb nou an pou dezenskri sou Entènèt sou www.amerhealthcaritasvipcare.com/fl oswa ou kapab rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou kapab fè sa. Osinon, rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande dezenskri. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048. Si w pa enskri nan okenn plan medikaman Medicare, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta nan Pati D a. Ale nan seksyon 3 pou jwenn plis detay sou sa.
- **Pou jwenn plis enfòmasyon sou Original Medicare ak diferan kalite plan Medicare ki disponib yo**, ale sou www.Medicare.gov, konsilte ti liv Medicare & You 2026 la, rele pwogram asistans pou asirans sante Eta w la (konsilte seksyon 6) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Seksyon 2.1 Dat limit pou chanje plan

Moun ki gen Medicare yo kapab chanje kouvèti asirans yo ant dat **15 oktòb** ak **7 desanm** chak ane.

Si w enskri nan yon plan Medicare Advantage pou 1^{ye} janvyè 2026, lèfini ou pa satisfè ak plan ou te chwazi a, ou ka enskri nan yon lòt plan sante Medicare (avèk oswa san plan medikaman Medicare ki separe) oswa ou ka enskri nan Original Medicare (avèk oswa san plan medikaman Medicare ki separe) ant dat 1^{ye} janvyè ak 31 mas 2026.

Seksyon 2.2 Èske gen lòt lè mwen ka fè chanjman pandan ane a?

Nan kèk sitiyasyon, moun yo ka gen posiblite pou yo chanje kouvèti asirans yo pandan ane a. Pa egzansp, sa gen ladan l moun ki:

- Gen Medicaid
- Jwenn èd siplemantè pou peye pou medikaman yo
- Genyen oswa pral kite kouvèti asirans anplwayè yo a
- Al rete deyò zòn sèvis plan nou an

Etandone ou gen Medicaid, ou kapab chwazi youn nan opsyon Medicare yo nenpòt mwa pandan ane a pou kanpe enskripsyon w nan plan nou an.

- Original Medicare avèk yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe,

- Original Medicare san plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki separe (si w chwazi opsyon sa a, Medicare gendwa enskri w nan yon plan medikaman, sof si w fè yo konnen ou pa vle enskri otomatikman), oswa
- Si w kalifye, yon plan D-SNP entegre ki ba w benefis ak sèvis Medicare w yo ak pifò oswa tout benefis ak sèvis Medicaid ou yo nan yon sèl plan.

Si w fèk entènè oswa si w rete nan yon etablisman (tankou yon etablisman swen enfimye espesyalize oswa yon lopital alontèm), ou kapab chanje kouvèti asirans Medicare w la **nenpòt lè**. Ou ka enskri nan yon lòt plan sante Medicare (avèk oswa san plan medikaman Medicare ki separe) oswa ou ka enskri nan Original Medicare (avèk oswa san plan medikaman Medicare) nenpòt lè. Si w fèk jwenn egzeyat nan yon etablisman, ou gen posiblite chanje plan oswa enskri nan Original Medicare pandan 2 mwa apre mwa ou te soti nan etablisman an.

SEKSYON 3 Jwenn èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo

Ou gendwa kalifye pou jwenn yon èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo. Genyen diferan kalite èd ki disponib:

- **Èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare.** Moun ki gen revni ki limite yo gendwa kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help) pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Si w kalifye, Medicare te ka peye jiska 75% oswa plis nan sa medikaman w yo koute, san rete prim ou peye chak mwa pou plan medikaman w lan, franchiz pou ane a ak ko-asiran lan. Epitou, moun ki kalifye yo pa p gen pou peye yon penalite pou enskripsyon anreta. Pou konnen si w kalifye, rele:
 - Nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sèvis TTY yo la rele nan 1-877-486-2048, 24 sou 24, 7 jou sou 7.
 - Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 soti 8 è nan maten rive 7 è diswa, lendi pou vandredi, pou pale ak yon reprezantan. Mesaj otomatik yo disponib 24 sou 24. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778.
 - Biwo Medicaid Eta w la.
- **Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a.** Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a se yon opsyon peman ki mache ansanm ak kouvèti asirans pou medikaman ou genyen kounye a. Li distribye peman ou fè pou medikaman plan nou an kouvri yo ak lajan ki soti nan pòch ou a pandan tout ane sivil la (janvyè rive desanm) pou ede w jere depans sa yo. Nenpòt moun ki gen yon plan medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare ak yon kouvèti asirans pou medikaman (pa egzanp yon plan Medicare Advantage ki mache ak yon kouvèti asirans pou medikaman) kapab itilize opsyon peman sa a. **Opsyon peman sa a ka ede w jere**

depans ou fè yo, men li pa p fè w depanse mwens ni li pa p fè medikaman w yo koute w mwens.

Si w jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) nan men Medicare e si w jwenn èd nan men SPAP ou ak ADAP ou, depi ou kalifye pou sa, sa pi itil pase patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. Tout manm yo kalifye pou patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a, kèlkeswa nivo revni yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon peman sa a, tanpri rele nou nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) oswa ale sou www.Medicare.gov.

SEKSYON 4 Kesyon?

Jwenn èd nan men AmeriHealth Caritas VIP Care

- **Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767. (Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711.)**

Nou disponib nan telefòn ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt, oswa ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi. Si w rele nan nimewo sa yo, apèl la gratis.

- **Li dokiman w ki rele *Prèv kouvèti asirans pou 2026 la (Evidence of Coverage)***

Avi sa a ki pibliye chak ane sou chanjman ki fèt yo ba w yon rezime sou chanjman ki fèt nan benefis ak pri yo pou 2026. Si w vle jwenn plis detay, konsilte dokiman ki gen tit *Prèv kouvèti asirans pou 2026 la (Evidence of Coverage)* pou AmeriHealth Caritas VIP Care. Dokiman *Prèv kouvèti asirans lan (Evidence of Coverage)* se yon deskripsyon legal ki gen tout detay sou benefis ou yo nan plan an. Li esplike dwa ou genyen yo ak règ ou sipoze suiv yo pou jwenn sèvis ak medikaman sou preskripsyon ki kouvri yo. Jwenn dokiman *Prèv kouvèti asirans lan (Evidence of Coverage)* sou sitwèb nou an sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) pou mande nou voye yon kopi ba w pa lapòs.

- **Ale sou www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.**

Sitwèb nou an gen enfòmasyon ki pi ajou yo sou rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an (lis pwofesyonèl, etablisman sante ak famasi a) ak lis medikaman ki kouvri yo (fòmilè a/lis medikaman an).

Jwenn konsèy gratis sou Medicare

Pwogram asistans pou asirans sante Eta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) se yon pwogram gouvènmantal ki endepandan ki gen konseye ki fòm nan chak Eta. Nan Florid, non yo bay SHIP la se SHINE (Serving Health Insurance Needs of Elders).

Rele SHINE pou jwenn konsèy ki gratis e ki pèsonalize pou tout sa ki gen rapò ak asirans sante. Yo ka ede w konprann diferan plan Medicare ak Medicaid ou ka chwazi yo epi yo ka reponn kesyon ou genyen yo sou posiblite pou w chanje plan. Rele SHINE nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337). Jwenn plis enfòmasyon sou SHINE sou sit

<http://www.floridashine.org/>

Jwenn èd siplemantè nan men Medicare

- **Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**

Ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 sou 24, 7 sou 7. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.

- **Pale ak yon moun atravè tchat la sou www.Medicare.gov**

Ou kapab pale ak yon moun atravè tchat la sou www.Medicare.gov/talk-to-someone.

- **Ekri Medicare**

Ou kapab ekri Medicare nan PO Box 1270, Lawrence, KS 66044

- **Ale sou www.Medicare.gov**

Sitwèb Medicare ofisyèl la genyen enfòmasyon sou pri yo, sa ki kouvri ak klasman zetwal sou kalite a pou ede w konpare plan sante Medicare yo nan zòn nou an.

- **Li dokiman ki gen tit *Medicare & You* pou 2026**

Yo voye ti liv Medicare & You pou 2026 la bay moun ki gen Medicare nan chak sezon otòn. Li gen yon rezime sou benefis Medicare yo, li esplike dwa ak pwoteksyon ki disponib yo, epi li reponn anpil kesyon moun konn poze souvan sou Medicare. Jwenn yon kopi sou www.Medicare.gov oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou mande yon kopi. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.

Jwenn èd siplemantè nan men Medicaid

Rele Florida Medicaid nan 1-888-419-3456. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 1-800-955-8711 pou jwenn èd pou enskri nan Medicaid oswa si yo gen kesyon sou benefis yo.